



## **GID SOU REGLEMAN**

**Non Dosye a:** Pousantaj sou Ranbousman pou Asistans Finansye Swen  
Timoun ki nan Sant yo pou Ane Fiskal 2025 lan

**Nimewo Regleman an:** CCFA-25-02

**Dat li fèt:** 3/5/2025

**Dat l ap kòmanse aplike:** 7/1/2024

## **REZIME**

Nan bidjè Eta a pou ane fiskal 2025 lan ak yon lòt bidjè ankò, yo te prevwa 22.5 milyon dola pou ogmante pousantaj ranbouseman moun k ap bay sèvis edikasyon ak pran swen timoun piti, k ap okipe timoun kote fanmi yo ap resevwa Asistans Finansye Swen pou Timoun (CCFA). Konsèy Edikasyon ak Swen pou Timoun piti yo te apwouve yon plan ogmantasyon sou pri yo sa gen ladan l yon ogmantasyon jeneral sou tout pri yo ak tout lòt ajisteman byen presi sou pri pou chak rejyon ak gwoup laj pou chanje inegalite ki genyen le pri yo ap monte an fonksyon kantite kob sa koute pou swen yo.

EEC te mete ajou pri pou CCFA a pou moun k ap bay sevis Edikasyon ak Swen pou Timoun piti nan sant lan 1ye Mas 2025. Ogmantasyon sou pri yo te kòmanse deja depi 1ye Jiyè 2024, sa vle di ogmantasyon pri yo ap aplike sou sevis yo bay depi 1ye Jiyè 2024. Moun k ap bay sèvis ki nan sant yo pral resevwa yon sèl grenn pèman nan mwa Mas pou kapab jwenn ogmantasyon sou pri yo ki te deja aplike.

Tanpri sonje pwosesis pou jwenn fakti an kapab pran plis tan pase avan akòz pèman ki te deja aktif yo.

## **FASON POU L APLIKE**

Regleman sa a ap aplike pou tout moun k ap bay sèvis Edikasyon ak Swen pou Timoun piti ki nan sant epi ki aksepte èd finansye nan men Eta pou swen timoun yo. Pri pou moun k ap bay sèvis swen pou timoun nan fanmi (FCC) pral jwenn ajisteman yon fwa sa posib, apre apwobasyon pri yo te pwopoze yo nan seksyon lokal 509 SEIU a. N ap fè konnen plis enfòmasyon lè sa a.

## MIZAJOU ENPOTAN YO

Prensipal chajman yo te fè sou pousantaj ranbousman pou EEC ki nan sant yo gen ladan l:

- Yon ajisteman 1.5% sou pri lavi nan tout pousantaj ki baze nan sant yo.
- Gen kèk pousantaj ki baze sou sant yo ap ogmante plis akòz:
  - Ogmantasyon sou pri espesyal yo nan rejyon kote pri yo pi wo pase pri swen yo;
  - Ogmantasyon espesyal sou pri lekòl preskòlè Nodès la pou rekonèt pri swen yo pa rapò ak lòt rejyon yo; ak/oubyen
  - Gen anpil efo ki fet pou pri yo desann a 75% pri swen yo ye kounye a, apre yon nouvo etid se konsa EEC vle pou pri yo ye.

## RESOUS

Pou plis enfòmasyon jwenn repons pou kesyon ou poze souvan yo [isit la](#).

Si oumenm oswa anplwaye w gen kesyon sou règleman sa a oswa si w bezwen plis sipò, tanpri kontakte [eeccsubsidymanagement@mass.gov](mailto:eeccsubsidymanagement@mass.gov).

## PA EGZISTE ANKO

Estrikti tarif Ane Fiskal 2025 la ranplase estrikti tarif ajans lan apati Ane Fiskal 2024.